



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRADYASYON 18 OFISYE POLIS KONSÈVASYON ANVIWÒNMANTAL NAN ETA NEW YORK

*Rekri yo rantre nan ran Divizyon Fòs Lòd Depatman Konsèvasyon  
Anviwònmantal la*

**Ofisye Konsèvasyon Anviwònman ki gen responsabilite pou Pwoteje Nouyòkè yo,  
mennen ankèt sou krim anviwònmantal, ak Pwoteje Pwason ak bèt sovaj.**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 18 novo gradye nan 23èm Lekòl Debaz pou Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònmantal (Environmental Conservation Police Officers, ECO) yo. Nan kad Divizyon Fòs Lòd (Division of Law Enforcement) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Ofisye yo pral travay nan kominate yo nan tout eta a pou pwoteje pwason ak bèt sovaj yo epi prezève kalite anviwònmantal atravè New York. Seremoni ki te fèt nan Empire Expo Center a nan Tèren Fwa Eta New York la nan Syracuse selebre gradye ki te konplete sis mwa fòmasyon pou fòs lòd ak resous natirèl nan salklas ak sou teren an.

"Li enpòtan pou yo pwoteje resous natirèl New York yo epi rann responsab sila yo ki ap chèche eksplwate yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen felisite novo gradye yo pou travay di yo fè pou rejwenn plizyè santèn lòt Ofisye Konsèvasyon Anviwònmantal devwe k ap patwouye tè ak dlo nou yo nan tout eta a epi nou swete yo karyè ki long, ki an sekrite epi ki bay satisfaksyon."

Pandan sis dènye mwa yo, rekri Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònmantal (ECO) yo te fini plis pase 1,000 èdtan fòmasyon nan Akademi an nan Pulaski, Konte Oswego, ki te sèvi kòm kay fòmasyon sa yo pandan plizyè ane. Pandan premye semèn yo te konsantre prensipalman sou konpetans debaz lapolis tankou fòmasyon fizik, egzèsis repetitif ak seremoni, ak lesion òdinatè, rekrite yo te resevwa tou enstriksyon ki pi entansif ki gen ladan fòmasyon zam afe, operasyon machin ijans, jete dechè chimik, ak idantifye chasè ilegal yo, pou site konpetans sa yo sèlman. Nan 20 rekri ki te kòmanse yo, 18 te rete yon fwa fòmasyon an te fini epi yo pral rejwenn fòs ECO DEC la pou yon total 305 Ofisye ki asèmante.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare,**  
"Klas ECO ki pi nouvo nou an te sibi nan yon pwosesis fòmasyon solid pou rejwenn

Ofisyè parèy yo nan travay fòs lòd ki difisil men ki rekonpanse a k ap tann yo nan kominate yo atravè eta a. Mwen onore pou m travay avèk nouvo Ofisyè sa yo ak kòlèg yo pou anpeche polyè yo, moun k ap jete fatra ilegal yo, ak chasè ilegal yo, pwoteje sekirite piblik, epi kontinye angaje kominate yo pou amelyore apresyasyon piblik nan resous natirèl New York yo."

**Direktris Divizyon Fòs Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Karen Przyklek, te deklare**, "Sis mwa fòmasyon sa yo te prepare rekri nou yo pou yo fè fas ak yon kantite travay diferan nan alafwa fòs lòd jeneral la ak lwa anviwònmantal la. Chak jou Ofisyè nou yo ap travay sou yon kantite ka, soti nan fè respekte règleman lè ak dlo pwòp, rive sipòte lwa sou pwason ak bêt sovaj yo, epi mennen ankèt sou gwo krim anviwonmantal, tout sa yo rantre nan kad efò pou pwoteje Nouyòkè yo kont polisyon ak eksplwatasyon anviwònmantal la. Mwen gen konfyans nouvo Ofisyè nou yo pare pou kontinye rich tradisyon pwoteksyon anviwònmantal la."

Tit Ofisyè Polis Konsèvasyon Anviwònmantal la, nan divès fòm evolisyon li pandan plizyè deseni yo, se pi ansyen travay aplikasyon lwa nan Eta New York. Okòmansman, Pwotektè Jwèt yo, yo te nonmen pou sèvis premye fwa an 1880 ak istwa fyè Divizyon an kontinye plis pase 140 ane apre. Ane pase a sèlman, ECO ak Envestigatè yo te reponn ak plis pase 26,000 apèl epi yo te travay sou ka ki te lakòz prèske 11,600 tikè oswa arrestasyon pou vyolasyon ki soti nan chas sèf ilegals rive nan jete dechè solid, eksplwatasyon minyè ilegal, komès bêt domestik sou mache ilegal yo, ak vyolasyon eksesif degajman gaz yo. Pou aprann plis sou ECO, ale nan <https://www.dec.ny.gov/regulations/2437.html> Lè yo fin gradye, yo pral bay rekri yo zòn patwouy nan youn nan nèf rejon DEC yo.

Anba a se list gradye nan 23èm Lekòl Debaz pou ECO Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la:

Tyler Ableson, Cortlandt Manor  
Michael Broughton, Staten Island  
Benjamin Clinger, Randolph  
Timothy Day, Binghamton  
Laura DeVito, Shirley  
Kyle Farner, Gowanda  
Casey Giarratana, Floral Park  
Christopher Goonan, Syracuse  
Derek Hilton, Annibal  
Frank Keegan, Troy  
Joan Korey, Pine Bush  
Abigail Kortz, Troy  
Justin McGhee, Hampton Bays  
Justin Rappold, Albany  
Bradley Smith, Plainview  
Brandon Swart, Cazenovia  
Nicholas Vandenbos, Warwick

Emilio Zullo, Somers

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418